

**TINDAK TUTUR NUTURI ANAK
ING DESA KALITIDU,
KECAMATAN KALITIDU, KABUPATEN BOJONEGORO**

NOVIA WIDI MAHARDINI

Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah
Fakultas Basa lan Seni
Universitas Negeri Surabaya

Mahardini1995@gmail.com

ABSTRAK

Tindak tutur nuturi anak (TTNA) kalebu tindak tutur direktif sing kerep ditindakake sajrone urip bebrayan. TTNA dumadi karena panutur nduweni kekarepan menahi wejangan marang mitra tutur jalaran saka bab kang wis ditindakake utawa bab kang durung ditindakake dening mitra tutur supaya bisa dadi pawongan kang luwih becik. Dhasar saka nuturi nduweni sesambungan karo sumber, struktur sosial, relasi sosial, lan kahanan sosial.

Punjer panliten iki yaiku TTNA adhedhasar (1) lageyane panutur lan (2) pananggape mitra tutur ing Desa Kalitidu, Kecamatan Kalitidu, Kabupaten Bojonegoro. Adhedhasar punjere panliten, ancane panliten ngandharake lan njlentrehake jinis TTNA adhedhasar lageyane panutur lan pananggape mitra tutur. Paedah teoretis panliten iki yaiku diajab bisa migunani kanggo nyengkuyung pangrembakane basa mligine ilmu pragmatik lan kajian tindak tutur. Dene paedah praktise yaiku supaya asil panliten iki bisa menahi paedah tumrap pangrembakan materi ajar basa Jawa ing pawiyatan luhur, mligine wicara Jawa bab tindak tutur nuturi kanthi dhasar lageyane panutur lan pananggape mitra tutur.

Panliten TTNA iki sipate etnografi. Teori sing digunakake yaiku teori tindak tutur Searle banjur disengkuyung teori tindak tutur Levinson. Dhata panliten iki dijupuk saka TTNA kang wis kasil kacathet sawise nyemak saka tuturan warga. Tuturan-tuturan kang kacathet uga sinartan konteks sosial. Sumbere dhata ing panliten iki asale saka rekaman alamiah warga lan cathetan-cathetan ngenani TTNA ing Desa Kalitidu, Kecamatan Kalitidu, Kabupaten Bojonegoro. Tatacara kanggo nglumpukake dhata panliten, yaiku nggunakake metodhe semak lan metode guneman. Tatacara njlentrehake dhata kanthi metode kategoris, deskriptif lan distribusional.

Jinis TTNA adhedhasar lageyane panutur diperang dadi papat yaiku (1) blaka langsung, (2) blaka ora langsung, (3) ora blaka langsung, lan (4) ora blaka ora langsung. Dene jinis TTNA adhedhasar pananggape mitra tutur diperang dadi papat yaiku (1) katampa katindakake, (2) katampa ora katindakake (3) katampik katindakake, lan (4) katampik ora katindakake.

Tembung Wigati: nuturi anak, lageyane panutur, pananggape mitra tutur, lan konteks sosial.

PURWAKA

Lelandhesan Panliten

Tindak tutur nuturi ing Desa Kalitidu, Kecamatan Kalitidu, Kabupaten Bojonegoro bisa diarani wis dadi salah sawijine budaya kang wis lumrah ditindakake dening masyarakat. Ing Jawa mligine wilayah Desa Kalitidu, Kecamatan Kalitidu, Kabupaten Bojonegoro nduweni unen-unen kayata "*nek dituturi wong tuwa aja mbantah ben suk ora dadi jambu mente*" kang tegese, yaiku yen dituturi wong tuwa kudu nurut lan ora oleh mbantah supaya ing akherat sikile ora digantung mendhuwur lan sirah ing ngisor kaya jambu mente kang ateges ukuman kanggo anak kang duraka marang wong tuwane. Unen-unen kang kerep dipocapake dening wong tuwa marang anake kasebut mujudake piweling kanggo anak yen kudu nurut lan aja mbantah nalika dituturi dening bapak utawa ibune. Yen anak wani mbantah marang pitutur wong tuwa

ateges anak kasebut kalebu duraka lan bakal oleh pakuman ing akherate. Jalaran saka anane unen-unen kasebut bisa ndadekake anak nduweni pamikir yen dheweke kudu manut marang wong tuwane supaya ora dadi anak kang duraka. Unen-unen kasebut ngandharake yen pitutur wong tuwa nduweni daya pangaribawa kang wigati tumrap laku uripe anak. Anak kudu manut marang pitutur wong tuwa kang becik. Yen anak ora gelem manut marang wong tuwane mula bakal nemu kasengsaran sajrone urip lan ing akherate. Mula anak kudu tansah nggugu pitutur wong tuwa yen pitutur kasebut ngemot wejangan becik kanggo anak.

Tindak tutur nuturi anak (sabanjure TTNA) iki kalebu salah sawijine tindak tutur direktif kang kerep digunakake masyarakat ing urip bebrayan. TTNA dumadi karena panutur nduweni kekarepan menahi wejangan marang mitra tutur jalaran saka bab kang wis ditindakake utawa bab kang durung ditindakake dening mitatutur.

Lumrahe panutur nduweni karep supaya mitra tutur bisa nindakake apa kang dituturake dening panutur supaya bisa dadi pawongan kang luwih becik. Nuturi ing sajrone urip bebrayan diwujudake lumantar pocapan, kanthi ngomongi, ngongkon, lan bisa uga kanthi cara menging.

Panliti nggunakake teori saka Searle (sajrone Rahardi, 2005:35-36) merang tindak tutur dadi telu yaiku (1) lokusioner, (2) ilokusioner, lan (3) perlokusi. Banjur Searle (sajrone Rahardi, 2005:36) nggolongake tindak tutur ilokusi dadi limang wujud tuturan kang nduweni fungsi komunikatif yaiku (1) asertif, (2) direktif, (3) ekspresif, (4) komisif, lan (5) deklaratif. Sajrone panliten iki TTNA tebane ana ing tindak tutur ilokusi direktif. Teori saka Searle kasebut banjur disengkuyung nggunakake teori tindak tutur saka Levinson. Levinson (sajrone Chaer, 2010:6) ngandharake yen tindak tutur lan kasantunan ditemtokake kanthi cara kontekstual, sosial, lan kultural sing jangkepe dadi skala (1) jarak sosial, (2) status sosial panutur lan mitra tutur, lan (3) tindak tutur utawa bobot *imposisi*.

Punjere Panliten

Punjer panliten iki yaiku jinise tindak tutur nuturi anak dening wong tuwane. Saka punjer kasebut bisa diprinci kanthi pitakonan ing ngisor iki.

- (1) Apa wae jinise tindak tutur nuturi anak adhedhasar lageyane panutur ing masyarakat Desa Kalitidu, Kecamatan Kalitidu, Kabupaten Bojonegoro?
- (2) Apa wae jinise tindak tutur nuturi anak adhedhasar pananggape mitra tutur ing masyarakat Desa Kalitidu, Kecamatan Kalitidu, Kabupaten Bojonegoro?

Ancase Panliten

Adhedhasar punjere panliten ing ndhuwur, ancasa panliten iki ana loro yaiku ngandharake:

- (1) Jinise tindak tutur nuturi anak adhedhasar lageyane panutur ing masyarakat Desa Kalitidu, Kecamatan Kalitidu, Kabupaten Bojonegoro.
- (2) Jinise tindak tutur nuturi anak adhedhasar pananggape mitra tutur ing masyarakat Desa Kalitidu, Kecamatan Kalitidu, Kabupaten Bojonegoro.

Paedahe Panliten

Asil panliten iki njlentrehake jinis tindak tutur nuturi dening wong tuwane. Saka asil panliten iku bisa menahi paedah teoretis lan paedah praktis.

- (1) Paedah Teoretis

Asil panliten ngenani tindak tutur nuturi anak iki diajab bisa migunani kanggo nyengkuyung pangrembakane basa mligine ilmu pragmatik lan kajian tindak tutur.

- (2) Paedah Praktis

Asil panliten iki bisa menahi paedah tumrap pangrembakan materi ajar basa Jawa ing pawiyatan luhur, mligine wicara Jawa. Asil panliten iki uga bisa kanggo dhasar pasinaon tumrap para pamaos sajrone nyinaoni basa Jawa, mligine bab tindak tutur nuturi

kanthi dhasar lageyane panutur lan pananggape mitra tutur.

Wewatesane Panliten

Watesan panliten sajrone panliten iki ngenani bab basa kang digunakake ing TTNA, bab jinise tindak tutur nuturi adhedhasar lageyane panutur lan pananggape mitra tutur, bab konteks sosial sajrone TTNA, wujud dhata, sumber dhata, lan wewengkone dhata TTNA.

Kaping pisan panliten iki mung nlliti basa Jawa kang dienggo cecaturan dening masyarakat Desa Kalitidu, Kecamatan Kalitidu, Kabupaten Bojonegoro. Kaping pindhone panliten iki bakal nlliti jinise lageyane panutur lan jinis pananggape mitra tutur tumrap TTNA. Kang pungkasan nlliti punjere perkara kanthi perangan struktur sosial kang adhedhasar umur lan jinis kelamin. Banjur ngenani tindak tutur nuturi anak dening wong tuwane kanthi dhasar relasi sosial. Relasi sosial ing kene awujud sesambungan kulawarga antarane wong tuwa minangka panutur lan anak minangka mitra tuture. Dene norma sosial lan kahanan sosial panliten iki winates ing norma lan kahanan sosial kang ana sajrone masyarakat.

Dhata sajrone panliten iki awujud ukara pitutur kang diandharake dening wong tuwa marang anake. Sumber dhata TTNA iki yaiku saka anane cecaturan antarane panutur lan mitra tutur kang dijalari saka tumindake mitra tutur kang awujud verbal utawa nonverbal. Bisa uga panutur nduweni keparepan supaya mitra tutur bakal nglakoni bab kang luwih becik kanggo kapentingan mitra tutur dhewe. Dhata lan sumber dhata kasebut dijupuk saka ukara pitutur kang diandharake wong tuwa marang anake kang dumadi ing masyarakat Desa Kalitidu, Kecamatan Kalitidu, Kabupaten Bojonegoro.

Panjentrehe Tetembungan

Tetembungan sajrone panliten iki cacah ana lima yaiku (1) tindak tutur, (2) nuturi anak, (3) lageyane panutur (4) pananggape mitra tutur, lan (5) konteks sosial. Sabanjure bakal diandharake ing ngisor iki.

- (1) Tindak Tutur

Tindak tutur yaiku apa wae kang dipocapake dening manungsa kang awujud basa.

- (2) Nuturi Anak

Widada (2001:807) ngandharake yen nuturi nduweni teges yaiku ngandhani utawa ngomongi wong liya kanthi muruki lan menahi pituduh. Dene nuturi anak ateges tumindak kang dilakoni wong tuwa kang nduweni keparepan ngandhani lan menahi pituduh marang anake kanthi rasa percaya yen anak bakal nindakake bab kang diomongake wong tuwa kanggo kabecikane anake.

- (3) Lageyane Panutur

Atmodjo (1990:184) ngandharake yen lagehan utawa lageyan yaiku salah tingkah sing wis dadi pakulinan. Saka andharan ing kasebut bisa dingerteni yen lageyane panutur yaiku salah tingkahe panutur kang wis dikulinakake nalika nindakake TTNADWT. Salah tingkahe panutur kang dikulinakake kanggo medharake pocapane gumantung marang konteks. Panutur bisa medharake TTNADWT kanthi cara blaka, ora blaka, langsung, lan ora langsung.

- (4) Pananggape Mitra Tutur
Mangunsuwita (2002:250) ngandharake yen tembung tanggap padha tegese karo tembung gape tegese yaiku nampa, ngrewes utawa nggatekake. Nampa ing kene bisa awujud anggane mangsuli lan nindakake. Saka andharan kasebut bisa dingerteni yen pananggape mitra tutur yaiku wangsulan utawa panampane mitra tutur tumrap lageyane panutur anggane medharake tuturan. Mitra tutur bisa nanggapi kanthi nampa nindakake, nampa ora nindakake, nampik nindakake, lan nampik ora nindakake. Pananggape mitra tutur ditemtokake dening lageyane panutur.
- (5) Konteks Sosial
Kridalaksana (2008:134) ngandharake konteks yaiku perangan-perangan lingkungan masyarakat utawa sosial kang nduweni gegayutan karo pocapan tertamtu. Saka andharan ing ndhuwur konteks sosial diperang dadi telu yaiku struktur sosial, relasi sosial lan kahanan sosial. Struktur sosial ngenani kalungguhane panutur lan mitra tutur ing bebrayan. Kang kalebu kalungguhan ing antarane yaiku status sosial, jinis kelamin, umur lan jabatan. Relasi sosial yaiku sesambungan antarane panutur lan mitra tutur. Dene kahanan sosial yaiku kahanan nalika nindakake cecaturan. Kahanan sosial ana loro yaiku resmi lan ora resmi.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Panliten Sadurunge kang Saemper

Panliten sadurunge kang dianggap saemper, ditindakake dening :

- 1) Nurhandriana (2014) kanthi irah-irahan "*Tindak Tutur Menging ing Desa Waung, Kecamatan Boyolangu, Kabupaten Tulungagung*" (*Kajian Pragmatik*). Punjere panliten kasebut ngenani jinise tindak tutur menging adhedhasar lageyane panutur lan pananggape mitra tutur
- 2) Ditya (2010) kanthi irah-irahan "*Tindak Tutur Nyemoni ing Masyarakat Keamatan Pare, Kabupaten Kediri*": *Kajian Sosiopragmatik*. Prakara kang diandharake yaiku ngeani wujud tindak tutur nyemoni adhedhasar basa kang digunakake.
- 3) Agustin (2015) kanthi irah-irahan "*Tindak Tutur Ngincim kanggo Panjurung ing Panggulawenthah ing Desa Paciran, Kecamatan Paciran, Kabupaten Lamongan*". Punjere panliten iki yaiku ngenani jinise tindak tutur ngincim kanggo panjurung ing panggulawenthah kanthi dhasar lageyane panutur lan pananggape mitra tutur
- 4) Sukmarini (2014) kanthi irah-irahan "*Tindak Tutur Pamit ing Masyarakat Desa Macanbang, Kecamatan Gondang, Kabupaten Tulungagung*". Panliten iki ngandharake ngenani jinise tindak tutur pamit sajrone pasrawungan adhedhasar cara medharake lan pananggape mitra tutur.
- 5) Wardani (2014) kanthi irah-irahan "*Tindak Tutur Ngelem ing Masyarakat Desa Macanbang, Kecamatan Gondang, Kabupaten Tulungagung*". Punjere panliten kasebut yaiku ngenani apa wae jinis tindak tutur ngelem minangka tindak tutur lokusi

adhedhasar cara medharake, tindak tutur ngelem minangka tindak tutur ilokusi adhedhasar tujuwane panutur, tindak tutur ngelem minangka tindak tutur perlokusi adhedhasar pananggape mitra tutur.

Kanthi dhasar panliten-panliten sadurunge, bisa didudut yen TTNA ing Desa Kalitidu, Kecamatan Kalitidu, Kabupaten Bojonegoro durung ana sing nliiti lan perlu ditliti. Panliten iki punjere ing jinis tindak tutur nuturi anak dening wong tuwane adhedhasar lageyane panutur lan pananggape mitra tutur. Kanthi dhasar pananggape mitra tutur mula tindak tutur direktif sing ana sangisore tindak tutur ilokusi tebane wis owah dadi tindak tutur perlokusi banjur digayutake marang struktur sosial, relasi sosial, norma sosial, lan kahanan sosial sajrone masyarakat.

Nuturi minangka Tindak Tutur Direktif

Tindak tutur yaiku apa kang dipocapake manungsa kang nduweni wujud basa. Miturut Mangunsuwita (2002:266) pitutur tegese piwulang kabecikan, pangeling-eling sarta ngandhani, muruki lan awèh pitudhuh ora nindakake kang ora pantes lan dikandhani supaya tumindak becik. Dene nuturi anak ateges tumindak kang dilakoni wong tuwa kang nduweni kekarepan ngandhani lan menèhi pituduh marang anake kanthi rasa percaya yen anak bakal nindakake bab kang diomongake wong tuwa kanggo kabecikane anake. Tindak tutur nuturi yaiku tumindak kang dilakoni panutur kang nduweni kekarepan ngandhani lan menèhi pituduh marang mitra tutur kanthi rasa percaya yen panutur bakal nindakake bab kang diomongake panutur kanggo kabecikane mitra tutur.

Searle (sajrone Rahardi, 2005:35-36) merang tindak tutur dadi telu yaiku (1) lokusioner, (2) ilokusioner, lan (3) perlokusi. Tindak tutur lokusioner yaiku tindak tutur kang ditindakake dening panutur kanthi tujuwan mung ngandharake tuturan marang mitra tutur. Tindak tutur perlokusioner yaiku tindak tutur kang ditindakake dening panutur kanthi nduweni kekarepan kang mligi marang mitra tutur. Banjur tindak tutur perlokusi yaiku nalika tindak tutur ilokusioner antuk tanggepan saka mitra tutur. Banjur Searle (sajrone Rahardi, 2005:36) merang tindak tutur ilokusi dadi limang wujud tuturan kang nduweni fungsi komunikatif yaiku (1) asertif, (2) direktif, (3) ekspresif, (4) komisif, lan (5) deklaratif. Tindak tutur ilokusi asertif yaiku tuturan kang ngiket panutur ngandharake utawa medharake tuturan kang bener, tuladhane kayata nuntut, nglapur, nyebut, lan sapanunggalane. Tindak tutur ilokusi direktif yaiku wujud tuturan kang diandharake panutur supaya mitra tutur nindakake apa kang diandharake dening panutur kayata ngongkon, njaluk, takon, lan nuturi. Tindak tutur ilokusi ekspresif yaiku wujud tuturan kang nduweni maksud ngandharake pagrasa tertamtune panutur marang mitra tutur kayata njaluk sepura, atur panuwun, atur salam, lan sapanunggalane. Tindak tutur ilokusi komisif yaiku wujud tindak tutur kang nduweni guna ngandharake janji kayata sumpah, tawa samubarang, semaya, lan sapanunggalane. Banjur ana tindak tutur ilokusi deklaratif yaiku wujud tindak tutur kang ngandharake tuturan kang isine ngenani

tuturan kasebut karo kasunyatan, tuladhane kayata pasrah, ngukum, nyelathu, lan sapanunggalane.

Sajrone panliten iki TTNA tebane ana ing tindak tutur ilokusi direktif. Miturut Ibrahim (1993:27) direktif yaiku pocapane panutur marang tumindak kang bakal ditindakake dening mitra tutur. Saliyane kuwi direktif uga bisa ditegesi minangka kekeparepan utawa pepenginan kang kudu ditindakake dening mitra tutur. Tindak tutur wong tuwa nuturi anak yen dititiki saka maksude panutur kalebu tindak tutur ilokusi, amarga ngandharake tumindak tutur kanthi maksud tertamtu supaya wong liya nindakake samubarang kang dikarepake dening panutur. Dadi tindak tutur nuturi kalebu ing perangan tindak tutur ilokusi amarga nduweni karep sawise guneman bisa gawe reaksi tumrap mitra tutur. Saliyane kalebu tindak tutur ilokusi, TTNA uga kalebu tindak tutur perlokusi, amarga saliyané wis kasil indakake tindak tutur ilokusi uga kasil nindakake perlokusi kanthi nyawang pananggape mitra tutur. Saka pananggape mitra tutur bisa mangerteni yen tuturane panutur ditampa utawa ditampik.

Teges lan Titikane Tindak Tutur Nuturi Anak

Miturut Poerwadarminta ing kamus Bae Sastra Djawa nuturi dumadi saka tembung lingga tutur kang antuk ater-ater {n-} kang nduweni teges pangeling-eling, pamikir, crita lan piwulang. Ing sesrawungan wong Jawa, tembung nuturi tegese yaiku crita utawa ngandhani marang wong liya supaya nindakake bab kang becik. Poerwadarminta (1939:617) uga ngandharake yen nuturi uga nduweni teges ngandhani, marahi, lan menahi pituduh. Nuturi nduweni titikan ngandhani utawa menahi pituduh marang wong liya supaya nglakoni tumindak kang luwih becik lan trep sajrone bebrayan.

Kanthi jlentrehan saka ahli ing ndhuwur bisa didudut yen titikane TTNA yaiku tindak tutur nuturi kang ditindakake dening wong tuwa marang anake kanthi cara ngandhani utawa ngomongi, uga muruki lan menahi pituduh supaya anake bisa dadi wong kang luwih becik lan tumindak kang trep sajrone urip bebrayan.

Sumbere Tindak Tutur Nuturi Anak

Wong sing nindakake tindak tutur nuturi ora tuwuh tanpa sebab nanging ana sumber sing njalari. Sumber sing jalari TTNA yaiku anane tumindak saka mitra tutur. Sajrone proses sosial ana norma-norma kang tuwuh asipat verbal lan nonverbal. Proses sosial verbal yaiku proses sosial kang nggunakake basa minangka sarana kang utama. Dene proses sosial nonverbal yaiku proses sosial kang nggunakake tumindak minangka sarana utama (Santoso, 1999:10). Adedhasar pameranga ing ndhuwur sumber TTNA ana loro yaiku pocapan (verbal) lan tumindak salah bawa (nonverbal). Sumber pocapan yaiku tumindak kang luwih nengenake basalan pocapan minangka sarana kang utama. Yaiku pocapan kang ora bener lan ora trep. Dene sumber salah bawa yaiku tumindak utawa salah bawa kang ora bener lan ora trep sajrone urip bebrayan. TTNA dumadi gumantung karo konteks sosiale. Ing kene TTNA ing Desa Kalitidu, Kecamatan Kalitidu, Kabupaten Bojonegoro dumadi ing konteks sosial kang ora resmi.

Wujude ukara ing Tindak Tutur Nuturi Anak

Tindak tutur nuturi bisa nggunakake jinis-jinis ukara kanggo nuturi.

Ukara Pakon

Miturut Wedhawati (2006:463) ukara pakon yaiku ukara kang diwedharake dening panutur kang ngemu surasa mrentah mitra tutur supaya nindakake apa kang diandharake dening panutur. Dene miturut Setyanto (2007:228) ukara pakon yaiku wedhare pikiran tumuju marang wong kapindho supaya nglakoni pegawean kaya dene kang dikarepake dening wong kapisan.

Ukara nuturi bisa awujud ukara pakon amarga panutur nduweni kekeparepan supaya mitra tutur gelem nindakake pituduh kang diandharake dening panutur. Mula adhedhasar andharan ing ndhuwur ukara pakon bisa mujudake ukara kang bisa digunakake nuturi.

Ukara Carita

Ukara carita miturut Wedhawati (2006:463) yaiku ukara kang diwedharake dening panutur kang nduweni kekeparepan kanggo ngandharake pawarta utawa aweh informasi marang mitra tutur. Dene Setyanto (2007:223) ngandharake yen ukara carita yaiku ukara kang wedhare pikiran pawongan tumuju marang wong kang dijak guneman supaya ngerteni apa kang diwedharake gegayutan karo awake dhewe utawa wong liya lan nyritakake sawijining kadadayan kang dirungu, dideleng, dirasa, aweh pamawas, pitutur, nerokake gunemane wong liya, lan sapanunggalane.

Ukara Pitakon

Miturut Wedhawati (2006:463) ukara pitakon yaiku ukarakang diwedharake dening panutur kang ngemu surasa takon marang mitra tutur supaya antuk pawarta utawa informasi kang durung dimangerteni. Dene Setyanto (2007:226) ngandharake yen ukara pitakon yaiku wedhare pikiran pawongan kang kepengin ngerti lan mangerteni tumrap apa kang durung diweruhi.

Jinise Tindak Tutur Nuturi Anak Adhedhasar Lageyane Panutur

Jinise tindak tutur nuturi anak dening wong tuwane adhedhasar lageyane panutur kang ditindakake dening pawongan nalika guneman diperang dadi papat yaiku kanthi cara blaka lan ora blaka uga langsung lan ora langsung.

Tindak Tutur Nuturi Anak kanthi Blaka

Miturut Djajasudarma (1994:65) tatacara blaka nuduhake gunane sajrone kahanan (tumindak) lan literal (jumbuh karo kasunyatan). Blaka yaiku ngomong sanyatane, ora ana maksud kang ditutupi utawa didhelikake. Panutur milih cara blaka awit ana enem alasan yaiku (1) panutur oleh panyengkuyung kanggo dheweke saka wong liya, (2) panutur oleh kapercayan ngenani sipat jujure kanthi dheweke nuduhake yen dheweke percaya marang mitra tutur, (3) panutur oleh kapercaya amarga blaka, (4) ngadohi prasangka alat saumpama dheweke dianggep manipulator, (5) panutur ngadohi salah tampa, lan (6) panutur bisa ndandani maneh

apa kang dirusak dening tumindak kang ora ngajeni (Brown lan Levinson sajrone Nadar, 2009:38)

Tindak Tutur Nuturi Anak kanthi Ora Blaka

Guneman kanthi ora blaka bisa diarani samudana kang disengaja kanthi maksud kang didhelikake ing suwalike rerakiting tetembungan utawa ukara kanthi nggatekake konteks tertamtu. Miturut Brown lan Levinson sajrone Nadar (2009:38), panutur nggunakake cara samudana krana patang sebab yaiku (1) panutur dipercaya minangka pawongan kang wicaksana lan ora arep meksa mitra tutur, (2) panutur ngadohi yen saumpama dheweke bakal dadi rerasan wong liya, (3) panutur ngadohi tanggung jawab minangka pawongan kang dianggep ora ngajeni mitra tutur, lan (4) panutur kanthi cara ora langsung menehi kalonggaran mitra tuture kanggo nggatekake kekeparepan.

Tindak Tutur Nuturi Anak kanthi Langsung

TTNA langsung mujudake wujud deklaratif kang digunakake kanggo nggawe sawijine wedharan. Carane yaiku diwedharake kanthi sapajagong karo mitra tutur. TTNA langsung iki mujudake tindak tutur nuturi kang ditindakake dening panutur marang mitra tuture tanpa lumantar wong katelu.

Tindak Tutur Nuturi Anak kanthi Ora langsung

TTNA ora langsung mujudake wujud direktif kang digunakake kanggo nggawe sawijining panjaluk. TTNA ora langsung ditindakake lumantar wong katelu kanggo medharake apa kang dadi kekeparepan panutur. Ateges panutur njaluk tulung marang wong katelu kanggo medharake apa kang dikarepake. Bab iki ora merga panutur ora bisa medharake kanthi langsung, nanging amarga panutur sengaja milih wujud ora langsung.

Jinise Tindak Tutur Nuturi Anak Adhedhasar Pananggape Mitra Tutur

Wong sing nindakake tindak TTNA mesthi nduweni tujuwan supaya tuturane kasebut ditanggapi. Pananggape mitra tutur bisa diperang dadi papat yaiku (1) TTNA kang katampa katindakake, (2) TTNA kang katampa ora katindakake, (3) TTNA kang katampik katindakake, lan (4) TTNA kang katampik ora katindakake. Mitra tutur anggone nanggapi pocapane panutur bisa kanthi cara verbal bisa uga kanthi kinesik. Tegese kinesik yaiku nampa kanthi obahe awak tanpa nggunakake tuturan. Mitra tutur mangsuli panutur kanthi kinesik bisa uga nggunakake salah bawa kayata salah bawane sirah utawa tangan.

Tindak Tutur Nuturi Anak kang Katampa Katindakake

Miturut Ibrahim (1993:40-41) mitra tutur bisa nampa TTNA awit mitra tutur ngrasa yen panutur bener-bener tulus nindakake TTNA. Saliyane kuwi mitra tutur nampa lageyane panutur awit uga kepengin ngormati panutur kang wis perduli marang mitra tutur. TTNA kang katampa bisa dititiki saka anane tembung “ya” utawa “inggih” lan ukara kang asipat nyarujuki kang bakal dibarengi kanthi anane tumindak.

Tindak Tutur Wong Tuwa Nuturi Anak kang Katampa Ora Katindakake

TTNA kang katampa nanging ora katindakake yaiku pananggape mitra tutur kang nampa lan sarujuk marang panutur, nanging ora nindakake apa kang dituturake dening panutur. Mitra tutur nanggepi utawa nampa kekeparepan panutur kanthi wangsulan “ya” utawa “inggih” lan “manthuk” nanging ora nindakake samubarang kang dikarepake dening panutur.

Tindak Tutur Nuturi Anak kang Katampik Katindhakake

Anggone mitra tutur nampik kekeparepan panutur ana alasane dhewe-dhewe. Miturut Ibrahim (1993:41) TTNA kang katampik awit mitra tutur ora ngajeni panutur. TTNA bisa katampik katindakake utawa katampik ora katindakake. TTNA kang katampik katindakake yaiku ora ana pananggape utawa pasarujukan saka mitra tutur nanging mitra tutur nindakake apa kang dikarepake dening panutur.

Tindak Tutur Nuturi Anak kang Katampik Ora Katindakake

TTNA kang katampik ora katindakake yaiku pananggape mitra tutur kang nampik lan ora sarujuk marang kekeparepan panutur, uga ora nindakake kekeparepan panutur awit dheweke ngrasayen kekeparepan panutur dirasa ora trep marang kekeparepan. Mitra tutur nampik kanthi ora ngreken apa kang dituturake dening panutur.

Konteks sajrone Tindak Tutur Nuturi Anak

Pragmatik iku ilmu basa kang nyinaoni tumindak linguistik karo kontekse (Tarigan, 1985:6). Konteks sajrone TTNA menehi daya pangaribawa kang gedhe. Konteks sosial yaiku relasi sosiokultural kang njangkepi sesambungan panutur karo mitra tutur nalika nindakake pacaturan. Konteks sosial sajrone TTNA kaperang dadi telu yaiku struktur sosial, relasi sosial, lan kahanan sosial. Searle sajrone (Mulyana, 2005:24) ngandharake yen konteks sosial yaiku relasi sosiokultural sing njangkepi sesambungan panutur karo mitra tutur nalika cecaturan.

Struktur sosial kuwi ngenani kalungguhane panutur lan mitra tutur ing bebrayan. Kalungguhan kasebut bisa disawang saka status ekonomi sosial, jinis kelamin, umur lan jabatan. Nalika nindakake tumindak basa, kang dadi panutur lan mitra tutur ana struktur sosial kang ngronce tumindake, panganggone caturan lan interpretasi caturan saka mitra tutur (Wijana, 1996:46). Dene relasi sosial yaiku ngenani sesambungan sosia antarane panutur lan mitra tutur. Sing kalebu ing relasi sosial yaiku sesambungan kulawarga, sesambungan paseduluran sing raket lan ora raket, sesambungan kekancaan sing raket lan ora raket, sarta sesambungan tangga cedhak lan adoh. Dene konteks relasi sosial sajrone TTNA iki nuduhake sesambungan kulawarga antarane wong tuwa lan anake. Kahanan sosial kang minangka aturan utawa paugeran ing papan masyarakat kasebut. Kahanan sosial diperang dadi loro yaiku resmi lan ora resmi.

Konteks minangka sawijine donya kang diisi dening pawongan-pawongan kang ngasilake pocapan (Schiffirin: 2007:547). Pawongan kasebut nduweni sosial

kabudayaan, identitas pribadi, wawasan, kapitayan, tujuwan lan kepinginan lan kang nindakake interaksi antarane pawongan siji lan liyane sajrone kahanan kang asipat sosial utawa budaya.

Ing basa Jawa, konteks kkuwi beda-beda ing saben kadadayan basa. Konteks sing beda-beda kuwi lumrahe ora ngowahi wujud tembung sing digunakake ing prastawa basa kasebut. Ing bab kasebut konteks menahi daya pangaribawa tumrap panutur anggone nguwasani tembung, sing banjur uga bakal menahi daya pangaribawa tumrap pamilihe lan panganggone tembung kanthi pener (Rusydi, 1985:44).

Teori ing Panliten Iki

Teori panliten kang digunakake yaiku teori tindak tutur Searle banjur disengkuyung karo teori Levinson. Searle (sajrone Rahardi, 2005:35-36) merang tindak tutur dadi telu yaiku (1) lokusioner, (2) ilokusioner, lan (3) perlokusi. Banjur Searle (sajrone Rahardi, 2005:36) merang tindak tutur ilokusi dadi limang wujud tuturan kang nduweni fungsi komunikatif yaiku (1) asertif, (2) direktif, (3) ekspresif, (4) komisif, lan (5) deklaratif. Sajrone panliten iki TTNA tebane ana ing tindak tutur ilokusi direktif.

Teori tindak tutur Searle kasebut banjur disengkuyung nggunakake teori tindak tutur Levinson. Levinson (sajrone Chaer, 2010:6) ngandharake yen tindak tutur lan kasantunan ditemtokake kanthi cara kontekstual, sosial, lan kultural sing jangkepe dadi skala (1) jarak sosial, (2) status sosial panutur lan mitra tutur, lan (3) tindak tutur utawa bobot *imporsi*.

METODHE PANLITEN

Titikane Panliten

Ing subbab iki diandharake ngenani titikane panliten. Titikan kuwi diperang dadi loro yaiku (1) jinise panliten lan (2) sipate panliten.

Jinise Panliten

Jinise panliten iki yaiku etnografi. Dell Hymes (sajrone Ibrahim, 1994:v) ngandharake yen etnografi yaiku salah sawijine metodhe kanggo nganalisis panganggone basa lan dialek sajrone budaya tartamtu kang nyinaoni bab tindak tutur sajrone tumindak tindak tutur lan munjerake konteks. Etnografi komunikasi sing disnaoni yaiku pola-pola tumindak komunikasi sing bisa dijingglengi lan direkam (Ibrahim, 1993:205). Semono uga panliten iki bakal njlentrehake pola-pola lan tatarane TTNA kang digayutake karo konteks tindak tutur.

Sipate Panliten

Panliten etnografi nduweni jinis-jinis kang mligi. Miturut Titscher (2009:152) jinis panliten etnografi ditengenake nalika panliti nglumpukake dhata. Jlentrehan dhata mung kanggo guna tambahan njlentrehake lapuran observasi. Panglumpuke dhata lan jlentrehan dhata nduweni sesambungan dialektif. Miturut Hamersley lan Atkinson (sajrone Titscher, 2009:152) tegese sesambungan dialektif yaiku jlentrehan dhata dudu sawijine perangan kang kapisah karo panglumpuke dhata sajrone panliten.

Panliten etnografi munjerake konteks kanggo njlentrehake dhata. Panliten iki uga asipat deskriptif yaiku ngandharake basa kanthi wujud ukara. Basa ing panliten iki didulu kanthi sinkronis yaiku basa sing nalika kuwi ditemokake.

Ubarampene Panliten

Sajrone subbab iki bakal diandharake ngenani ubarampe panliten. Ubarampen panliten ing kene kaperang dadi telu yaiku (1) dhata lan sumber dhata, (2) instrumen panliten, lan (3) lokasi panliten.

Dhata lan Sumber Dhata

Dhata sajrone panliten iki arupa TTNA kang wis kasil kacathet sawise nyemak saka tuturan warga Desa Kalitidu, Kecamatan Kalitidu, Kabupaten Bojonegoro. Ukara-ukara kang kacathet uga sinartan konteks sosial. Sumbere dhata ing panliten iki asale saka rekaman alamiah warga lan cathetan-cathetan ngenani TTNA ing Desa Kalitidu, Kecamatan Kalitidu, Kabupaten Bojonegoro.

Instrumen Panliten

Instrumen kang digunakake sajrone panliten iki ana loro yaiku instrumen utama lan instrumen panyengkuyung. Instrumen utama sajrone panliten iki yaiku panliti. Panliti dadi instrumen utama amarga panliti kang nindakake panliten, nggolek dhata lan nganalisis dhata. Mula saka iku panliti dadi instrumen utama sajrone panliten deskriptif kualitatif. Panliti bisa mbiji sawijining kahanan lan nduweni kuwasa kanggo nemtokake samubarang. Dene instrumen panyengkuyung sajrone panliten iki yaiku awujud piranti kang digunakake kanggo nglumpukake dhata kayata piranti kanggo ngrekam lan cathetan. Dene subyek sajrone panliten iki yaiku warga Desa Kalitidu, Kecamatan Kalitidu, Kabupaten Bojonegoro kang nindakake konteks-konteks TTNA.

Lokasi Panliten

Lokasi kang dipilih yaiku ing Desa Kalitidu, Kecamatan Kalitidu, Kabupaten Bojonegoro. Bojonegoro minangka salah sawijine kabupaten kang ana ing Jawa Timur, manggone ing sisih kulon wewatesan karo Jawa Tengah. Panliti milih lokasi kasebut dadi objek panliten awit panliti minangka warga asli papan kuwi. Kanthi dhasar ing ndhuwur panliti luwih ngerti konteks sosial ing masyarakat kono. Masyarakat ing papan kuwi nggunakake basa padinan masyarakat Bojonegoro utawa asring diarani dialek Jenegoronan. Masyarakat Desa Kalitidu, Kecamatan Kalitidu, Kabupaten Bojonegoro dumadi saka perangan golongan wiwit saka golongan wong sugih, wong mlarat, wong tuwa, wong enom, bocah, wong kang nduwe sesambungan kulawarga, kekancan nganti tangga kang raket lan ora raket.

Tatacarane Panliten

Sajrone subbab iki bakal diandharake ngenani tatacarane panliten. Isine tatacarane panliten iki ana telu yaiku (1) tatacara nglumpukake dhata, (2) tatacarane njlentrehake dhata, (3) tatacarane nyuguhake asil panliten.

Tatacarane Nglumpukake Dhata

Tatacara sing dianggo nglumpukake dhata panliten, yaiku nggunakake metode semak lan metode guneman. Diarani metode semak amarga cara kang digunakake kanggo ngolehake dhata yaiku kanthi cara nyemak pawongan kang nggunakake basa (Mahsun, 2005:92). Metode guneman ing kene kanthi cara wawancara antarane panliti karo narasumber. Teknik wawancara ing kene digunakake kanggo meruhi struktur sosial lan relasi sosial saka narasumber. Dene teknik liyane sajrone metode iki yaiku teknik pancing. Kanthi teknik iki panliti ngolehake dhata kanthi cara mancing narasumber supaya oleh dhata sing dikarepake. Tuladhane yen kanggo ngolehake dhata TTNA panliti bisa tumindak utawa ngomong babagan kang ora disenengi tumrap wong liya murih wong liya kasebut nindakake TTNA.

Tatacarane Njentrehake Dhata

Sawise dhata kang dikarepake wis mlumpuk, banjur dhata kasebut diolah kanthi metode kategoris, deskriptif lan distribusional. Metode kategoris yaiku njentrehake dhata kanthi nemokake kategori lan tipe-tipe pocapan. Kategori-kategori pocapan saben basa nduweni guna ang beda, lan akeh-akehe diwatesi ing kahanan tertamtu, utawa nggayutake watesan-wewatesan marang sapa sing gandharake (Ibrahim, 1994:44). Metode deskriptif ing kene yaiku tatacara njentrehake dhata kanthi nggunakake tembung, dudu angka kang bisa menahi katrangan utawa andharan panliten adhedhasar dhata kang diasilake saka subjek panliten (Azwar, 1998:126). Dene metode distribusional yaiku njentrehake dhata kang arupa basa kanthi nemtokake perangan basa iku dhewe, utawa wujud lan blegere basa kang digunakake.

Adhedhasar perangan struktur sosial umur kaperang dadi telu yaiku umur bocah (UB), umur enom (UE), lan umur tuwa (UT). Ing perangan jinis kelamin kaperang dadi loro yaiku jinis kelamin lanang (JKL) lan jinis kelamin wadon (JKW). Dene saka perangan struktur sosial ekonomi kaperang dadi telu yaiku status ekonomi sosial cendhek (SESC), status ekonomi sosial sedhengan (SESS), lan status ekonomi sosial dhuwur (SESD). Saka relasi sosial sesambungan antarane anak lan wong tuwa kalebu relasi sosial cedhek (RSC). Situasi sosial diperang dadi loro yaiku resmi lan ora resmi. Tandha kang digunakake kanggo matesi antarane struktur sosial, relasi sosial, lan kahanan sosial panutur lan mitra tutur yaiku (1.../ 2... -3... :4...). Katrangan tandha kuwi yaiku (1) umur, jinis kelamin lan status ekonomi sosial panutur; (2) umur, jinis kelamin lan status ekonomi sosial mitra tutur.; (3) relasi sosial; (4) kahanan sosial.

Tatacarane Nyuguhake Asil Jentrehan Dhata

Tatacarane nyuguhake asil panliten kang awujud laporan observasi ngenani jinis-jinis TTNA ing masyarakat Desa Kalitidu, Kecamatan Kalitidu, Kabupaten Bojonegoro. Asil panliten kasebut dijentrehake kanthi metode informal (Sudaryanto, 1993:144). Dhata ing panliten iki mung nggunakake metode informal yaiku ngandharake dhata kanthi nggunakake basa. Dhasar kang digunakake yaiku lageyane panutur lan pananggape mitra tutur kanthi landhesan konteks sosial. Dhata kang wis

digolongake banjur disuguhake kanthi jangkep antarane teks lan konteks. Teks arupa wedharan TTNA yaiku tumindak cecaturan antarane panutur lan mitra tutur. Dene konteks sosial kang dijentrehake kuwi ngenani struktur sosial, relasi sosial, lan kahanan sosial.

Andharan lan Jentrehan Dhata

Dhata-dhata kang wis kasil diklumpukake banjur diandharake lan dijentrehake adhedhasar jinis. Jinis tindak tutur nuturi anak dening wong tuwane diperang dadi loro yaiku adhedhasar lageyane panutur lan pananggape mitra tutur. Adhedhasar lageyane panutur diperang dadi patang jinis dene adhedhasar pananggape mitra tutur uga diperang dadi patang jinis.

Tindak Tutur Nuturi Anak Adhedhasar Lageyane Panutur

Sajrone subbab iki bakal ngandharake lan njentrehake ngenani jinis-jinis TTNA ing Desa Kalitidu, Kecamatan Kalitidu, Kabupaten Bojonegoro adhedhasar lageyane panutur. Jinis-jinis TTNA kasebut uga bakal digayutake marang konteks sosial sajrone masyarakat. Luwih cethane bakal diandharake ing ngisor iki.

Tindak Tutur Nuturi Anak kanthi Blaka Langsung

TTNA kanthi blaka langsung iki diandharake tanpa anane abang-abang lambe utawa tanpa mbutuhake wong katelu kanggo ngandharake tuturane. Panutur ngandharake kanthi cara blaka apa anane marang mitra tutur ngenani apa kang dikarepake dening panutur. Nuturi anak perlu ditindakake dening wong tuwa kanggo sarana menahi wejangan utawa ngandhani anake supaya dadi wong kang luwih becik tinimbang sadurunge. Sakabehe anak lumrahe manut marang wong tuwane. Dene wong tuwa milih nuturi kanthi cara blaka langsung amarga wong tuwa nduweni wewenang kang mirunggan tumrap kabecikane anak. TTNA dikarepake bisa aweh piwulang marang anak supaya anak bisa dadi pawongan kang luwih becik tinimbang sadurunge lan becik ing pasrawungan masyarakat.

Ing ngisor iki bakal kaandharake TTNA tumrap wong tuwa marang anake kanthi cara blaka langsung.

(1) P : Yun, nek numpak motor sing ngati-ati! Haluane dititoni tenanan! Aja nganti tiba neh!

'Yun, kalau naik motor hati-hati! Haluannya diperhatikan dengan benar! Jangan sampai jatuh lagi!'

MT : Aku jek wedi lho Ma nek kesrempet neh. Wong-wong numpake padha banter-bantera lho marai.

'Saya masih takut lho Ma kalau disrempet lagi. Orang-orang kalau naik motor ngebut-ngebut'

P : Wis ra sah wedi neh! Resikone wong nganggo ratan lak ya ngono ta, kudu wani tiba. Sing penting dingati-ati tenanan. Terus aja lali ndonga bereng.

Nyuwun kaslametan marang Gusti Allah iku ya penting.

'Sudah tidak perlu takut lagi! Resikonya orang lewat jalan raya memang begitu kan, harus berani jatuh. Yang penting harus benar-benar hati-hati. Terus jangan lupa berdoa juga. Minta keselamatan kepada Gusti Allah itu yang terpenting'

MT : Inggih Ma.
'Iya Ma'

Kon : MT dituturi ibuke supaya ati-ati yen numpak sepedah motor jalaran MT bubar tiba kesrempet ing ratan.

(UT-JKW-SESD marang UE-JKW-SESD/RSC- ora resmi)

(2) P : Sis, nek mergawe adoh omah sing ati-ati! Dijaga tenanan awake! Saiki usume pergaulan bebas, dadi kudu isa njaga awak. Pa neh cah wedok. Aja nganti dadi cah sing geleman karo wong lanang. Salah kedaden malah ngelek-eleki jenenge wong tuwek.

'Sis, kalau kerja jauh dari rumah yang hati-hati! Dijaga betul-betul dirinya! Sekarang jamannya pergaulan bebas, jadi harus bisa menjaga diri. Apa lagi anak perempuan. Jangan sampai jadi wanita gampang sama laki-laki. Jika salah langkah bisa buat jelek nama orang tua'

MT : Inggih Buk.
'Iya Bu'

P : Dirungokna tenanan! Dienggo nek dituturi! Aja inggah-inggih ae!
'Didengarkan sungguh-sungguh! Dilakukan jika dinasihati! Jangan iya-nya saja'

Kon : P aweh wejangan marang MT supaya ati-ati yen mergawe ing adoh omah. Aja nganti dadi bocah sing geleman lan salah pergaulan.

(UT-JKW-SESD marang UE-JKW-SESD/RSC- ora resmi)

Dhata TTNA (1) ing ndhuwur dituturake dening ibuk marang anake wadon kang umure enom. Status sosial kalorone dhuwur sarta relasi sosiale cedhak banget antarane wong tuwa karo anake. Dene kahanan sosial ing cecaturan kasebut kalebu ora resmi. Panutur nindakake TTNA kanthi cara blaka awit tanpa nggunakake abang-abang lambe. Panutur uga nggunakake cara langsung amarga ora lumantar wong katelu lan cecaturan langsung klawan mitra tutur. Ukara kang digunakake sajrone tuturan kasebut yaiku awujud ukara pakon awit panutur ngongkon . Panutur nindakake tuturan kasebut amarga anake wadon lagi mari saka kacilakan sepedha motor lan anake ngrasa *trauma* lan wedi yen dheweke tiba maneh kesrempet kendharaan liyane sing padha numpak banter-banteran.

Panutur menahi wejangan marang mitra tuture supaya ora wedi anggone numpak sepedha motor amarga iku wis dadi resikone wong kan lelungan liwat ratan. Panutur uga menahi pangeling-eling marang mitra tutur supaya tansah ngati-ati yen numpak sepedha motor lan tansah niteni haluan supaya ora kedadeyan kacilakan maneh. Saliyane kuwi panutur uga ngandhari supaya oralali ndonga marang Gusti Allah supaya diparingi kaslametan. Ing kene panutur nggunakake basa ngoko awit relasi sosial kang cedhak banget antarane wong tuwa marang anake. Dene mitra tutur nggunakake basa campuran.

Dhata TTNA (2) ing ndhuwur dituturake dening ibu marang anake wadon kang umure isih enom. Status sosial ekonomine cendhek lan relasi sosiale cedhak banget antarane wong tuwa marang anake. Dene kahanan sosial ing cecaturan kasebut kalebu ora resmi nalika mitra tutur arep budhal kerja menyang kutha Surabaya. Tuturane panutur kalebu tindak tutur blaka langsung amarga ora nggunakake abang-abang lambe lan dituturake kanthi langsung marang mitra tuture. Ukara kang digunakake dening panutur kanggo nuturi mitra tutur awujud ukara pakon lan ukara carita. TTNA ing ndhuwur ditindakake dening panutur nduweni tujuwan menahi wejangan marang mitra tutur ngenani kahanan pergaulan bebas sing dimangerteni ing jaman saiki. Panutur nduweni kekarepan yen anake bisa njaga awake mligine bocah wadon, ora dadi bocah kang geleman marang wong lanang lan aja nganti nggawe elek jenenge wong tuwa. Sakabehe wong tuwa kepengin anake dadi wong kang becik lan njunjung drajate wong tuwa aja nganti ngasorake, mula panutur kepengin mitra tutur nggugu pituturane, ora mung dirungokna nanging ora dilakoni.

Tindak Tutur Nuturi Anak kanthi Blaka Ora Langsung

TTNA kanthi blaka langsung iki diandharake tanpa anane abang-abang lambe nanging mbutuhake wong katelu kanggo ngandharake tuturane. Panutur ngandharake kanthi cara blaka apa anane marang mitra tuture kanthi kekarepan mitra tutur minangka wong katelu. Wong tuwa milih nuturi kanthi cara blaka ora langsung jalaran wong tuwa nduweni kekarepan supaya anake nglakoni apa kang bakal ditindakake utawa tumuju ing tumindak kang dikarepake dening panutur kanthi nduweni maksud liya sajrone tuturanesupaya anake tumindak kang luwih becik Dene wong tuwa milih nuturi kanthi cara blaka langsung amarga wong tuwa nduweni kekarepan supaya anake sadhar lan ngerti sing ngendi tumindak kleru lan sing bener. Wong tuwa uga kepengin anake isa mbedakake tumindak sing pantes lan sing saru kanggo dilakoni lan uga ngecakake marang awake dhewe. TTNA dikarepake bisa aweh piwulang marang anak supaya dadi pawongan kang luwih becik tinimbang sadurunge lan becik ing pasrawungan masyarakat.

Ing ngisor iki bakal kaandharake TTNA tumrap wong tuwa marang anake kanthi cara blaka kang ora langsung.

(3) P : Buk, anakem lho kandhari nek balik kon ati-ati. Aja dolanan Hp ae nek ning bis.

Saiki usume copet. Disaut wong malah dadi gawe. Kon primpen nek nyimpen barang. Aja klendran! Bocah kuwi nk ra dituturi ra ngarah sadhar. Cah lalinan kok.

'Bu, anakmu itu lho dikasih tahu kalau kembali suruh hati-hati. Jangan bermain HP terus saja kalau dibus sekarang lagi rawan copet. Diambil orang tambah jadi masalah. Suruh teliti kalau menyimpan barang. Jangan ceroboh! Anak itu kalau tidak dinasihati tidak sadar-sadar. Anak pelupa kok'

MT : Iya Pak. Cah kuwi nek ra dielingna mesthi klendran kok. Irunge lho mungghana ra kanthil paling ya lali didekek ndi.

'Iya Pak. Anak itu kalau tidak diingatkan pasti kelupaan kok. Hidungnya lho seumpama tidak nempel mungkin ya lupa ditaruh mana'

P : Lha ya Buk. Dituturi sing tenanan kon ngati-ati kon waspada.

'Lha ya Bu. Dinasihati yang serius suruh hati-hati suruh waspada'

MT : Iya mengko tak kandharane nek wis mangkat.

'Iya nanti saya kasih tahu kalau sudah mau berangkat'

Kon : P nuturi anake lumantar MT jalaran panutur kuwatir marang anake sing arep balik menyang Surabaya.

(UT-JKL-SESC marang UT-JKW-SESC/RSC- ora resmi)

(4) P : Buk, Mbake lho wejangan nek ning Surabaya kon ngati-ati. Ning kutha gedhe sembarang-mbarang enek. Aja nganti klendran lan salah pergaulan. Wong sekolah ya adoh wong tuwa. Ora enek sing ngawasi. Kudu diati-ati dhewe. *'Bu, Mbaknya itu nasihati kalau di Surabaya suruh hati-hati. Dikota besar semuanya ada. Jangan sampai ceroboh dan salah pergaulan. Orang sekolah jauh dari orang tua. Tidak ada yang mengawasi. Harus dihati-hati sendiri'*

MT : Iya Pak, anakmu ki kancane ya akeh kok ning kono.

'Iya Pak, anakmu itu temannya juga banyak kok disana'

P : Kanca akeh ya kudu dingati-ati. Kudu dipilih tenanan kanca sing apik kanca sing elek ki sing ndi. Aja nganti ngawur milih kanca. Nek baturan kanca sing elek lak ya malah ketularan elek ta?

'Banyak teman ya harus hati-hati. Harus dipilih dengan serius teman yang baik teman yang jelek itu yang mana. Jangan sampai sembarangan pilih teman. Kalau berteman dengan orang yang sikapnya

jelek kan juga pasti ikut-ikutan jelek kan?'

MT : Iya-iy Pak. Engko tak tuturane anakem wedok.

'Iya-iy Pak. Nanti saya nasihati anak perempuanmu'

Kon : P nuturi anake lumantar MT supaya pinter-pinter yen milih kekancan amarga panutur kuwatir yen anake ketularan tumindak sing ora becik.

(UT-JKL-SESC marang UT-JKW-SESC/RSC- ora resmi)

Dhata TTNA (3) ing ndhuwur dituturake dening wong lanang marang bojone kang kalorone nduwe umur tuwa. Status sosial kalorone cendhek sarta relasi sociale cedhak banget antarane wong bebojoan. Dene kahanan sosial ing cecaturan kasebut kalebu ora resmi nalika kalorone padha ndelok tivi bebarengan. Panutur nindakake TTNA kanthi cara blaka ora langsung awit panutur nuturi anake lumantar mitra tutur minangka wong katelu. Ukara kang digunakake sajrone tuturan kasebut yaiku awujud ukara pakon lan ukara carita kanggo.. Panutur nindakake tuturan marang mitra tutur supaya nuturi anake bab kudu ngati-ati marang kahanan amarga ing jaman saiki kalebu jaman akeh wong kang nindakake kadurjanan kayata copet lan begal. Mitra tutur diprentah nuturi mitra tutur supaya ngati-ati anggone nyelehake piranti-piranti kang dirasa aji. Aja nganti dadi wong sing klendran lan ngglethakake samubarang kanthi ora tlihi amarga yen nganti ilang bisa nemahi rugi kanggo awake dhewe.

Dhata TTNA (4) ing ndhuwur dituturake dening wong lanang marang bojone kang kalorone nduwe umur tuwa. Status sosial kalorone cendhek sarta relasi sociale cedhak banget antarane wong bebojoan. Dene kahanan sosial ing cecaturan kasebut kalebu ora resmi nalika kalorone padha jagongan ing jogan. Panutur nindakake TTNA kanthi cara blaka ora langsung awit panutur nuturi anake lumantar mitra tutur minangka wong katelu. Ukara kang digunakake sajrone tuturan kasebut yaiku awujud ukara lan ukara. Panutur nindakake TTNA marang anake lumantar mitra tutur amarga panutur ngrasa yen mitra tutur nduweni wewenang kanggo nuturi kanthi luwih alus. Panutur nindakake TTNA kasebut ora liya kanthi tujuwan supaya anake tansah ngati-ati yen ana ing kutha Surabaya kang kalebu kutha gedhe. Panutur menahi wejangan supaya anake tansah ora sembarangan anggone milih-milih kanca. Aja nganti kancan karo bocah sing tumindake ala amarga bisa njalari awake dhewe ketularan nglakoni tumindak ala uga.

Tindak Tutur Nuturi Anak Tuwane kanthi Ora Blaka Langsung

Guneman kanthi ora blaka bisa diarani samudana kang disengaja kanthi maksud kang didhelikake ing suwalike rerakiting tetembungan utawa ukara kanthi nggatekake konteks tertamtu. panutur kanthi cara ora langsung menahi kalonggaran mitra tuture kanggo nggatekake kekarepane. TTNA kanthi ora blaka langsung yaiku guneman kang nggunakake abang-abang lambe

utawa makna kang ora sabenero kang diandharake kanthi cara langsung kanggo mitra tutur tanpa lumantar wong katelu. Tuladhane TTNA kanthi ora blaka langsung tuladhane bisa dideleng ing ngisor iki.

(5) P : Yi, Bintang kuwi lho senengane pameran-pameran dhuwit ning ngarepe kancane. Ngonong kuwi lho ya jenenge sombong. Ya nek kancane kabeh apik, lha nek enek kancane sing geleman terus nyolong dhuwike lak ya salahe sapa terusan? Jek cilik kok sombong.

'Yi, Bintang itu lho sukanya pameran-pameran uang didepan temannya. Kalau begitu namanya sombong. Ya kalau temannya semua baik, lha kalau ada yang mau saja terus dicuri uangnya kan ya salahnya siapa kalau begitu? Masih kecil kok sudah sombong'

MT : Dhek ingi bar ilang Mak jare Rp. 20.000,-
'Kemarin habis hilang Bu katanya Rp. 20.000,-'

P : Iya ye? Sokuur!! Salahe sapa cah kok pameran senengane.
'Iya kah? Sukur!! Salahnya siapa anak kok suka pameran'

MT : Diseneni kok karo mbahane Mak.
'Dimarahin kok sama neneknya Bu'

P : Ben kapok ngono kuwi Yi. Kowe aja nganti gono lho ya!
'Agar kapok kalau begitu Yi. Kamu jangan sampai begitu lho ya!'

Kon : P nuturi MT supaya ora dadi bocah kaya sing jenenge Bintang sing seneng pameran dhuwit marang kanca-kancane.

(UT-JKW-SESC marang UB-JKL-SESC/RSC- ora resmi)

(6) P : Dhe War ki mesthi kok senengane nyelathu wong ae. Wong kok senengane ngelek-elek wong terus. Sak eneke wong dipaido. Wis tuwek ki ya mbok sareh ngono lho ra perlu ngempong-ngempong. Mbok ya aluk meneng!!
'Bibi War itu pasti kok sukanya membicarakan kejelekan orang saja. Orang kok sukanya menjelek-jelekkan orang terus. Semua orang dijelek-jelekkan. Sudah tua itu ya yang sabar tidak perlu berlebihan. Lebih baik kalau diam!'

MT : Enek apa ta Mak?
'Ada apa sih Bu?'

P : Lha ya kuwi tangganem, nek ngelek-elek wong kok puenak temen. Mbok iya dikacani awake dhewe wis bener apa gung nek ape maido wong. Wis tuwek bereng kok senengane ngurusi urusane wong ae. Aluk ndang meneng lak wis. Aja sampek kowe kayak wong kuwi!

'Iya itu tetanggamu kalau menjelek-jelekkan orang kok enak banget. Mbok iya dilihat dirinya sendiri sudah benar apa belum kalau mau menjelek-jelekkan orang. Sudah tua juga kok sukanya ikut campur urusan orang lain saja. Mendingan diam saja kan sudah. Jangan sampai kamu seperti orang itu!'

MT : Pancen trae wong wis ngono Mak.

'Memang orangnya sudah seperti itu Bu'

Kon : P nuturi MT supaya ora dadi kaya tanggane sing seneng maido wong liya.

(UT-JKW-SESC marang UE-JKW-SESC/RSC- ora resmi)

Dhata TTNA (5) ing ndhuwur dituturake dening ibuk marang anake lanang kang umure isih bocah. Status sosial kalorone cendhek sarta relasi sosiale cedhak banget antarane wong tuwa karo anake. Dene kahanan sosial ing cecaturan kasebut kalebu ora resmi nalika panutur lan mitra tutur jagongan ing emperan omah. Panutur nindakake TTNA kanthi cara ora blaka awit nggunakake abang-abang lambe. Panutur uga nggunakake cara langsung amarga ora lumantar wong katelu lan cecaturan langsung klawan mitra tutur. Ukara kang digunakake awujud ukara lan ukara pakon. Panutur nindakake tuturan kasebut uga kalebu TTNA ora langsung amarga panutur nyritakake bab bocah liya sing klakoane ora pantes ditiru dening mitra tutur yaiku nduweni sipat sing sombong lan seneng pameran marang wong liya. Panutur uga ora nuturi mitra tutur supaya ora dadi bocah sing kaya dicritakake kasebut amarga wong sing sombong lan seneng pameran kuwi bakale nemahi sengkala jalaran saka sipate dhewe.

Dhata TTNA (6) ing ndhuwur dituturake dening ibuk marang anake wadon kang umure enom. Status sosial kalorone cedhak sarta relasi sosiale cedhak banget antarane wong tuwa karo anake. Dene kahanan sosial ing cecaturan kasebut kalebu ora resmi nalika panutur lan mitra tutur jagongan ing emperan omah. Panutur nindakake TTNA kanthi cara ora blaka awit nggunakake abang-abang lambe. Panutur uga nggunakake cara langsung amarga ora lumantar wong katelu lan cecaturan langsung klawan mitra tutur. Ukara kang digunakake sajrone tuturan kasebut yaiku awujud ukara carita lan ukara. Panutur nindakake tuturan kasebut uga kalebu TTNA kang diandharake kanthi cara ora langsung marang mitra tutur yaiku kanthi nyritakake bab wong liya marang mitra tutur. Panutur nuturi anake supaya ora nduweni sipat sing kaya tanggane sing seneng nyelathu lan ngelek-elek wong liya. Panutur kepengin mitra tutur ngrumangsani awake dhewe yen kepengin nyelathu wong liya amarga awake dhewe durung karoan becik. Mula panutur ngelingake mitra tutur supaya aja nganti seneng nyelathu wong liya kaya dene tanggane kasebut.

Tindak Tutur Nuturi Anak kanthi Ora Blaka Ora Langsung

TTNA kanthi ora blaka ora langsung yaiku gunemane panutur kang nggunakake samudana utawa abang-abange lambe tanpa ngandharake kekarepan sing samesthine lumantar mitra tutur minangka wong katelu supaya diandharake marang anake. Panutur milih cara ora blaka ora langsung jalaran panutur kepengin anake bisa nggatekake tuturane sapa wae. Bisa uga panutur ngudarasa marang mitra tutur bab apa kang dirasakake tumrap anak. Tuladhane TTNA kanthi ora blaka ora langsung bisa dideleng ing ngisor iki.

- (7) P : Hla ya Lek kandharana anakem kuwi kon ra sah mulih sisan kon omah-omah nggene Paeran kono. Bocah kok ra ruh wayahan nek dolan. Pening sinau sisan mundhak pinter nek sinau. Kon sinau ya angele pol.

'Hla iya Pak kasih tahu anakmu itu suruh tidak usah pulang sekalian suruh tinggal dirumah Paeran sana. Anak kok tidak tahu waktu kalau main. Larang belajar sekalian supaya pintar nanti kalau belajar. Disuruh belajar ya susahnya minta ampun'

MT : Cah kuwi nambeng Wik. Angel kandharane.

'Anak itu bandel Wik. Susah dikasih tahu'

P : Iya wong disunggi terus. Makane nglunjuk.

'Iya orang dimanja terus. Makanya nglunjuk'

Kon : P nuturi anake lumantar MT jalaran dolan nganti ora mulih-mulih.

(UT-JKW-SESC marang UT-JKL-SESC/RSC- ora resmi)

- (8) P : Din, kandhari wi adhikem nek numpak montor kon ngegas pol nek liwat ratan ngarepan ben diantemi wong!

'Din, kasih tahu itu adikmu kalau naik motor suruh ngebut kalau lewat jalan depan biar dilempari orang!'

MT : Wis tak kon alon-alon lho Mak padal.

'Sudah kusuruh pelan-pelan lho Bu padahal'

P : Bocah nek urung dijewer kupinge kok ra kapok. Kok ra nduwe sungkan blas karo tanggane.

'Anak kalau belum dijewer kupingnya kok tidak kapok. Kok tidak punya rasa sungkan sama sekali dengan tetangganya'

Kon : P nuturi anake lumantar MT jalaran numpak sepedah montor banter-banteran.

(UT-JKL-SESC marang UE-JKW-SESC/RSC- ora resmi)

Dhata TTNA (7) ing ndhuwur dituturake dening wong wadon marang bojone kang kalorone nduwe umur

tuwa. Status sosial kalorone cendhek sarta relasi sosiale cedhak banget antarane wong bebojoan. Dene kahanan sosial ing cecaturan kasebut kalebu ora resmi nalika kalorone padha mangan bebarengan. Panutur nindakake TTNA kanthi cara ora blaka ora langsung awit panutur nuturi anake kanthi ngelulu lumantar mitra tutur minangka wong katelu. Ukara kang digunakake yaiku ukara pakon lan ukara carita. Panutur nindakake tuturan marang mitra tutur kanggo nuturi anake supaya yen dolan weruh wektu. Yen wayahe mullih kudu enggal mulih, aja nganti nginep-nginep omahe kancane. Banjur yen wayahe sinau uga kudu gelem sinau. Panutur lan mitra tutur ngrembug bab anake sing angel kandharane.

Dhata TTNA (8) ing ndhuwur dituturake dening wong wadon kang umure wis tuwa marang anake wadon kang umure isih enom. Status sosial kalorone cendhek sarta relasi sosiale cedhak banget antarane wong wong tuwa karo anak. Dene kahanan sosial ing cecaturan kasebut kalebu ora resmi nalika kalorone padha jagongan sore-sore ing emperan. Panutur nindakake TTNA kanthi cara ora blaka ora langsung awit panutur nuturi anake kanthi ngelulu lumantar mitra tutur minangka wong katelu. Ukara kang ukara lan ukara carita. Panutur nindakake tuturan marang mitra tutur minangka wong katelu kanthi surasa mrentah kanggo nuturi adhine supaya alon-alon anggone numpak montor nalika liwat ratan ngarepan. Saliyane kuwi panutur uga kepengin anake nduwe sungkan lan tata krama marang tangga teparone.

Tindak Tutur Nuturi Anak kang Katampa Katindakake

Tindak tutur wong tuwa nuturi anak kang katampa katindakake bisa dititiki saka pananggape mitra tutur saka anane tembung “ya” utawa “inggih” lan ukara kang asipat nyarujuki kang bakal dibarengi kanthi anane tumindak. Mitra tutur nindakake apa sing dituturake panutur jalaran minangka rasa urmat marang wong tuwane sing tulus nresnani mitra tutur. TTNA kang katampa katindakake dumadi yen mitra tutur aweh wangsulan lan nindakake apa tuturane panutur. Luwih jangkepe TTNA kang katampa katindakake bakal dijlentrehake ing ngisor iki:

- (9) P : Nek wayahe sinau ki ya ndang sinau ta Le! Sekolah ki ya kudune gelem sinau. Nek gak gelem sinau terus pinter ka ndi jal? Sekolah sing pinter! Sinau sing sregep! Nek pinter lak ya mbok pek dhewe ta?

'Kalau waktunya belajar itu ya cepat belajar Nak! Sekolah itu juga harus mau belajar. Kalau tidak ingin belajar lalu pintar dari mana coba? Sekolah yang pintar! Belajar yang rajin! Kalau kamu pintar kan kamu pakai sendiri kan?'

MT : Inggih Buk. Niki kula mendhet buku.

'Iya Bu. Ini saya mengambil buku'

P : Iya, sinau sing tenanan!

'Iya, belajar yang sungguh-sungguh'

Kon: P nuturi MT jalaran angel dikongkon sinau.

(UT-JKW-SESC marang UB-JKL-SESC/RSC- ora resmi)

(10) P : Bar sembahyang nek sempet ya nggo maca-maca kitab lho Mbak! Sedhiluk ae gak masalah sing penting dikoberna ngaji. Wong nek gelem ngaji kuwi ganjarane gedhe Mbak. Makane nek bar sholat diwaca Al-Qur'ane.

'Selesai shalat kalau sempat dibuat membaca kitab Mbak! Sebentar-sebentar saja tidak masalah yang penting disempatkan mengaji. Orang kalau mau mengaji itu pahalanya besar Mbak. Maka dari itu kalau selesai shalat dibaca Al-Qur'annya'

MT : Iya Mak. Iki aku arep nutugna ngajiku wingi.

'Iya Bu. Ini saya ingin melanjutkan mengaji saya kemarin'

P : Pinter nek ngono.

'Pintar kalau begitu'

Kon: P nuturi MT supaya gelem ngaji yen bubar salat kanggo nambahi ganjaran.

(UT-JKW-SESC marang UE-JKW-SESC/RSC- ora resmi)

Tuturan TTNA (9) dituturake dening panutur kanthi umur tuwa, jinis kelamin wadon marang mitra tutur kanthi umur bocah lan jinis kelamine lanang. Kalorone padha-padha nduweni status ekonomi sosial cendhek lan relasi sosiale cedhak antarane wong tuwa marang anake. Kahanan sosial sajrone tuturan kasebut kalebu ora resmi nalika panutur lungguh-lungguh ing jogan sinambi jagongan karo tanggane. Konteks dhata (9) panutur nuturi mitra tutur supaya enggal sinau. Sinau kuwi kuwajibane bocah sekolah supaya dadi bocah sing pinter, mula panutur kepengin mitra tutur sinau kanthi sregep. Adhedhasar konteks kasebut, mitra tutur nampa tuturane panutur kanthi katampa katindakake. Bab kasebut bisa dititiki saka wangsulane mitra tutur kanthi pocapan 'inggih' lan mitra tutur nindakake apa kang dituturake dening panutur yaiku dituturi supaya sinau.

Banjur tuturan TTNA (10) dituturake dening panutur kanthi umur tuwa, jinis kelamin wadon marang mitra tutur kanthi umur enom lan jinis kelamine wadon. Kalorone padha-padha nduweni status ekonomi sosial cendhek lan relasi sosiale cedhak antarane wong tuwa karo anake. Kahanan sosial sajrone tuturan kasebut kalebu ora resmi nalika panutur lan mitra tutur lagi mulih saka langgar. Konteks dhata (10) panutur nuturi mitra tutur supaya ngaji Al-Qur'an nalika mentas salat. Panutur uga ngandharake marang mitra tutur yen wong islam kuwi kudu maca kitab masiya sithik-sithik supaya oleh ganjaran. Adhedhasar konteks kasebut, mitra tutur nampa tuturane panutur kanthi katampa katindakake. Bab kasebut bisa

dititiki saka wangsulane mitra tutur kanthi pocapan 'iya' lan mitra tutur nindakake apa kang dituturake dening panutur yaiku dituturi supaya maca Al-Qur'ane nalika bubar salat.

Tindak Tutur Nuturi Anak kang Katampa Ora Katindakake

Tindak tutur wong tuwa nuturi anak kang katampa ora katindakake bisa dititiki saka pananggape mitra tutur saka anane tembung "ya" utawa "inggih" lan ukara kang asipat nyarujuki nanging ora dibarengi kanthi anane tumindak. Mitra tutur menahi wangsulan panampa marang tuturane panutur jalaran mitra tutur rumangsa yen tuturane panutur bener, bisa uga panutur durung nindakake lan bakal nindakake apa kang diandharake panutur ing dina tembe. TTNA kang katampa katindakake dumadi yen mitra tutur awew wangsulan tanpa utawa durung nindakake apa tuturane panutur. Luwih jangkepe TTNA kang katampa katindakake bakal dijlentrehake ing ngisor iki:

(11) P : Ning kamar kae delok jale Yem! Klambi pathing crenthel mbok ya diringkesi diumbahi kabeh sing rusuh-rusuh kuwi genya leh! Seneng men nggawe kandhang nyamuk. Sing resikan ngono lho dadi cah wedok ki!

'Di kamar itu coba lihat Yem! Baju digantung semua harusnya dibereskan dicuci semua yang kotor-kotor itu kenapa sih? Senang sekali membuat sarang nyamuk. Yang cinta kebersihan begitu lho kalau jadi anak perempuan!'

MT : Iya-ya engko ae tak resikane. Sik kesel aku.

'Iya-ya nanti saja saya bersihkan. Saya masih lelah'

P : Engko kapan neh?

'Nanti kapan lagi?'

Kon : P nuturi MT jalaran kamare MT ana klambi rusuh pating crenthel lan durung diumbah.

(UT-JKW-SESC marang UE-JKW-SESC/RSC- ora resmi)

(12) MT : Mak aku budhal!

'Bu saya berangkat!'

P : Iya, diati-ati nek ning kana! Dijaga awake Ndhuk! Adoh omah, aja nganti salah kedaden ben ra nggawe wirange wong tuwanem! Sing pinter njaga awake dhewe lho ya!

'Iya, hati-hati kalau disana! Dijaga dirinya Nak! Jauh dari rumah, jangan sampai melakukan kesalahan supaya tidak membuat malu keluargamu! Yang pintar menjaga diri sendiri lho ya!'

MT : Siap Mak!

'Siap Bu!'

Kon : P nuturi MT jalaran kuwatir anake ora bisa njaga awake dhewe.

**(UT-JKW-SESC marang UE-JKW-SESC/
RSC- ora resmi)**

Dhata TTNA (11) dituturake dening panutur kanthi umur tuwa, jinis kelamin wadon marang mitra tutur kanthi umur enom lan jinis kelamine wadon. Kalorone padha-padha nduweni status ekonomi sosial cendhek lan relasi sosiale cedhak antarane wong tuwa karo anake. Kahanan sosial sajrone tuturan kasebut kalebu ora resmi nalika panutur ngobrak-obrak mitra tutur ing kamar. Konteks dhata (11) panutur nuturi mitra tutur yen dadi bocah wadon aja kempuh. Adhedhasar konteks kasebut, mitra tutur nampa tuturane panutur kanthi katampa nanging ora katindakake. Bab kasebut bisa dititiki saka wangsulane mitra tutur kanthi pocapan 'iya' nanging isih semaya lan ora banjur nindakake apa kang dituturake dening panutur.

Dhata TTNA (12) dituturake dening panutur (14) kanthi umur tuwa, jinis kelamin wadon marang mitra tutur kanthi umur enom lan jinis kelamine wadon. Kalorone padha-padha nduweni status ekonomi sosial cendhek lan relasi sosiale cedhak antarane wong tuwa karo anake. Kahanan sosial sajrone tuturan kasebut kalebu ora resmi nalika panutur ngeterake mitra tutur balik menyang Surabaya. Konteks dhata (12) panutur nuturi mitra tutur yen bocah wadon kuwi kudu bisa njaga awake dhewe yen adoh saka wong tuwane. Aja nganti nindakake samubarang sing bakal ggawe wirange wong tuwa. Adhedhasar konteks kasebut, mitra tutur nampa tuturane panutur kanthi katampa nanging ora katindakake. Bab kasebut bisa dititiki saka wangsulane mitra tutur kanthi pocapan 'siap' sing minangka ukara pasarujukan nanging ora banjur nindakake apa kang dituturake dening panutur sanalika.

**Tindak Tutur Nuturi Anak kang Katampik
Katindakake**

Panangape mitra tutur marang tuturane panutur ora mung nampa, nanging mitra tutur uga bisa nampik. Panangape mitra tutur marang TTNA dumadi jalaran mitra tutur nduweni panemu dhewe kanggo nanggepi tuturane panutur, nanging sakabehe wong tuwa nuturi bab sing becik kanggo mitra tutur. Ana mitra tutur sing nampik tuturane panutur nanging isih nindakake, banjur ana uga sing nampik tanpa nindakake. TTNA kang katampik dititiki saka anane tembung "emoh" utawa "wegah" utawa ukara kang nduweni surasa nampik. Bisa uga mitra tutur nampik kanthi meneng tanpa aweh wangsulane. TTNA kang katampik katindakake nduweni teges yen mitra tutur nampik kanthi basa utawa tanpa aweh wangsulane nanging tetep nindakake apa kang dituturake dening mitra tutur.

(13) P : Awak cilik ngono mbok aja nganggo klambi mlepet-mlepet ngono ta Sis, delok ta jale, saru! Awak cilik nganggo klambi ngono malah ketok cuilik pol. Salin kana! Gak isin kowe diingeti wong lanang-lanang?
'Badan kecil seperti itu jangan menggunakan baju yang ketat-ketat seperti itu dong Sis, coba lihat, tidak

pantas! Badan kecil menggunakan baju seperti itu tambah kelihatan kecil sekali. Ganti baju sana! Tidak malu kamu dilihat oleh laki-laki?'

MT : Wong bate ning omah ae kok ya ra oleh ta ya-ya.

'Cuma dirumah saja kok ya tidak boleh sih ya-ya'

P : Mbantah ae nek dituturi!

'Membantah saja kalau dinasihati!'

MT : Mlebu kamar banjur salin klambi.

'Masuk kamar lalu ganti baju'

Kon : P nuturi MT jalaran nganggo klambi sing mlepet-mlepet.

**(UT-JKW-SESC marang UE-JKW-SESC/
RSC- ora resmi)**

P : Wis gedhe wis dadi guru, nek metu-metu mbok ya dienggo kudhunge. Mosok kudhung dienggo nek pas sekolah thok terus nek metu-metu dicoplok. Saru! Nek ning sekolah macak alim nek ning njaba ngumbar aurat.

'Sudah besar sudah jadi guru, kalau keluar rumah harusnya digunakan kerudungnya. Apa iya kerudung hanya digunakan kalau waktu disekolah saja lalu kalau keluar rumah ditanggalkan. Tidak pantas! Kalau disekolah berdandan alim tapi kok keluar rumah mengumbar aurat'

MT : Mung metu nggo tuku bolah Mak!

'Hanya keluar untuk membeli benang Bu!'

P : Alesan ae! Ndang dienggo!

'Alasan saja! Cepat dipakai!'

MT : Alah-alah! (Mlebu kamar njupuk kudhung).

'Alah-alah! (Masuk kamar mengambil kerudung)'

Kon : P nuturi MT jalaran wis dadi guru nanging metu omah sik ora gelem nganggo kudhung.

**(UT-JKW-SESC marang UE-JKW-SESC/
RSC- ora resmi)**

Dhata TTNA (13) lan (14) ing ndhuwur dituturake dening jinis kelamin wadon kanthi umur tuwa marang mitra tutur kanthi jinis kelamin wadon lan umur enom. Kalorone nduweni status sosial cendhek lan relasi sosial kang raket antarane wong tuwa marang anake. Saka kaloro dhata kasebut, panutur ngandharake tuturan TTNA kanthi blaka langsung nanging mitra tutur nanggepi kanthi katampik nanging nindakake. Bab kasebut bisa dititiki saka panangape mitra tutur kanti ukara nampik nanging banjur nindakake apa kang dikarepake dening panutur. Sajrone dhata (13) lan (14) panutur padha-padha nuturi mitra tutur ngenani adate wong sing pantes nganggo sandhangan. Kanthi cara mangkono panutur bisa menahi wejangan marang mitra tutur babagan saru apa orane sandhangan sing dienggo utamane kanggo bocah wadon.

Tindak Tutur Nuturi Anak kang Katampik Ora Katindakake

Yen TTNA kang katampik katindakake nduweni teges yen mitra tutur nampik kanthi basa utawa tanpa aweh wangsulan nanging tetep nindakake apa kang dituturake dening mitra tutur, nanging yen TTNA kang katampik ora katindakake nduweni teges nampik kanthi basa utawa tanpa mangsuli nanging uga ora katindakake. Dadi tegese mitra tutur nampik tanpa nindakake apa kang dituturake dening panutur. Tuladhane kaya jlentrehan dhata ing ngisor iki:

- (15) P : Bekakasem mesthi lak semrawut ra karo-karoan ning kamar. Cah wedok kempruh ngono kamar kaya susuh manuk. Mbok diringkesi genya leh? Senengmen nyusuh!

'Barang-barangmu pasti berserakan tidak karuan didalam kamar. Anak perempuan tidak bisa menjaga kebersihan sampai kamar seperti sarang burung. Dibersihkan kenapa? Senang sekali membuat sarang burung!'

MT : (Meneng tanpa sumaur karo metu omah)
'(Diam tanpa menjawab sambil keluar rumah)'

P : Kopok ye dituturi kok malah mere?
'Tuli ya dinasihati kok tambah pergi?'

Kon : P nuturi MT jalran kamare rusuh lan ora gelem nata.

(UT-JKW-SESC marang UE-JKW-SESC/RSC- ora resmi) (LD: VII, KC: 346)

- (16) P : Aja dolan ae ta Le! Ning omah ae genya nunggoni pakem. Wis roh pak e lara ki mbok ya ditunggoni dikancani nek pak e njaluk apa-apa. Ora, nek kowe malah dolan ae. Gak ngesakna pakem leh?

'Jangan bermain saja Nak! Dirumah saja kenapa menunggu ayahmu. Sudah tahu ayahmu sakit harusnya ditunggu ditemani kalau ayahmu minta apa-apa. Tidak, kalau kamu pasti bermain saja. Tidak kasihan ayahmu kah?'

MT : (Meneng karo nyetater montor)
'(Diam sambil menyalakan motor)'

P : Woalah bocah kok ndableg tenan.
'Woalah anak kok bandel sekali'

Kon : P nuturi MT jalaran ora gelem nunggoni bapake sing lagi lara.

(UT-JKW-SESC marang UE-JKL-SESC/RSC- ora resmi)

Dhata TTNA (15) dituturake dening panutur kanthi umur tuwa, jinis kelamin wadon marang mitra tutur kanthi umur enom lan jinis kelamine wadon. Kalorone padha-padha nduweni status ekonomi sosial cendhek lan relasi sociale cedhak antarane wong tuwa karo anake. Kahanan sosial sajrone tuturan kasebut kalebu ora resmi nalika panutur ngobrak-obrak mitra tutur sing lagi turu ing

kamar. Konteks dhata (15) panutur nuturi mitra tutur supaya yen dadi bocah wadon kuwi kudu resikan, aja nganti kamar rusuh kaya susuh manuk. Dadi bocah wadon kuwi kudu resikan lan aja nganti kempruh. Adhedhasar konteks kasebut, mitra tutur nampa tuturane panutur kanthi katampik ora katindakake. Mitra tutur bisa diarani nampik lan ora nindakake tuturane panutur bisa katitik saka pananggape mitra tutur kanthi ora wangsulan lan ora nindakake tuturane panutur nanging banjur ngalih.

Banjur konteks dhata TTNA (16) dituturake dening panutur kanthi umur tuwa, jinis kelamin wadon marang mitra tutur kanthi umur enom lan jinis kelamine lanang. Kalorone padha-padha nduweni status ekonomi sosial cendhek lan relasi sociale cedhak antarane wong tuwa karo anake. Kahanan sosial sajrone tuturan kasebut kalebu ora resmi nalika panutur bubar salat dhuhur. Konteks dhata (112) panutur nuturi mitra tutur supaya nunggoni bapake sing lagi lara lan kudu gelem nyepakake apa kang dibutuhake dening bapake. Panutur menging mitra tutur dolan wae lan ngongkon mitra tutur supaya ning ngomah wae nunggoni bapake. Adhedhasar konteks kasebut, mitra tutur nampa tuturane panutur kanthi katampik ora katindakake. Mitra tutur bisa diarani nampik lan ora nindakake tuturane panutur bisa katitik saka pananggape mitra tutur kang nampik kanthi ora menehi wangsulan lan ora nindakake tuturane panutur nanging banjur ngalih.

PANUTUP

Sajrone bab VI iki kang bakal diandharake yaiku (1) dudutan lan (2) pamrayoga TTNA ing Desa Kalitidu, Kecamatan Kalitidu, Kabupaten Bojonegoro. Sajangekepe bakal diandharake ing ngisor iki.

Dudutan

Lageyane panutur ditemtokake dening sumber TTNA. Sumber kasebut arupa pocapan lan salah bawa. Kang awujud pocapan yaiku pocapan kang ora becik lan ora pener, dene kang awujud salah bawa yaiku awujud tumindak kang kleru lan ora jumbuh marang paugeran sajrone masyarakat. Kanthi sumber kasebut bisa karipta anane TTNA. Lageyane panutur sajrone TTNA bisa ditindakake kanthi blaka langsung, blaka ora langsung, ora blaka langsung, lan ora blaka ora langsung. Panutur bisa nindakake TTNA kanthi langsung utawa lumantar wong liya. Panutur nggunakake jinis lageyan panutur kanthi ditrepake marang kontekse.

Pananggape mitra tutur ditemtokake lageyane panutur. Panaggape mitra tutur sajrone TTNA bisa ditindakake kanthi katampa katindakake, katampa ora katindakake, katampik katindakake, lan katampik ora katindakake. Mitra tutur kang nampa lan nindakake pitutur wong tuwa bisa kalebu anak sing manut marang wong tuwane, nanging yen nampik lan ora nindakake pitutur wong tuwa ateges kalebu anak sing tambeng lan angel tuturane.

Struktur sosial, relasi sosial, kahanan sosial lan norma sosial menehi daya pangaribawa tumrap TTNA. Struktur sosial antarane panutur lan mitra tutur kang padha

bisa njalari panutur bisa nggunakake jinis TTNA kanthi sasenege atine. Relasi sosial kang raket bisa njalari rasa akrab antarane panutur lan mitra tutur saengga bisa medharake tuturan kanthi gamblang lan cetha. Dene kahanan sosial sing ora resmi njalari panutur bisa medharake tuturan TTNA kanthi kapan wae lan ora kaiket dening formalitas. TTNA ditindakake kanggo aweh wejangan lan piwulang becik saka wong tuwa kanggo anak supaya dadi wong sing luwih becik. Norma sosial ing Desa Kalitidu, Kecamatan Kalitidu, Kabupaten Bojonegoro sing menahi daya pangaribawa tumrap TTNA yaiku tata krama kang becik, tepa salira, perdhuli marang liyan lan tanggung jawab. Teks TTNA ditemtokake dening konteks.

5.2 Pamrayoga

Panliten ngenani TTNA adhedhasar lageyane panutur lan pananggape mitra tutur kanthi lelandhesan struktur sosial isih durung diteliti kanthi jeru. Dhata kang kurang jangkep lan bab-bab liya kang njalari panliten iki isih adoh saka tembung sampurna. Ing kene panliti isih rumangsa yen panliten iki isih kurang sampurna. Mula saka kuwi TTNA perlu dirembakakake supaya bisa luwih sampurna.

KAPUSTAKAN

- Antunshono.1956. *Ringkesaning Paramasatra Djawa*. Djogjakarta :Penerbit Soejadi
- Agustin, Atik Dwi. 2015. *Tindak Tutur Ngincim kanggo Panjurung Panggulawenthah ing Desa Paciran, Kecamatan Paciran, Kabupaten Lamongan*. (Skripsi tidak diterbitkan). Surabaya: Jurusan PBD-FBS-Unesa
- Atmodjo. S. Prawiro. 1990. *Bausastra Jawa*. Surabaya: Citra Jaya Murti
- Ditya, Hendrik Wahyu. 2012. “*Tindak Tutur Nyemoni ing Masyarakat Kecamatan Pare, Kabupaten Kediri (Kajian Sosiopragmatik)*”. (Skripsi tidak diterbitkan). Surabaya: Jurusan PBD-FBS-Unesa
- Ibrahim, Abdul Syukur. 1993. *Kajian Tindak Tutur*. Surabaya: Usaha Nasional
- Mahsun. 2005. *Metose Penelitian Bahasa*. Jakarta : Ragrafindo Persada
- Mangunswita. S. A. 2007. *Kamus Lengkap Bahasa Jawa*. Bandung: CV. Yrama Widya
- Nadar, FX. 2009. *Pragmatik dan Penelitian Pragmatik*. Yogyakarta : Graha Ilmu
- Nurhandrina. 2014. *Tindak Tutur Menging Ing Desa Waung, Kecamatan Boyolangu, Kabupaten Tulungagung*. (Skripsi tidak diterbitkan). Surabaya: Jurusan PBD-FBS-Unesa
- Pangaribuan, Tagor. 2008. *Paradigma Bahasa*. Yogyakarta: Graha Ilmu
- Parera, Jos Daniel. 1990. *Teori Semantik*. Jakarta : Erlangga
- Poerwadarminta. W. J. S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Jakarta: Noordhof Kolf N.V
- Rahardi, Kunjana. 2005. *Pragmatik Kesantunan Imperatif Bahasa Iandonesia*. Jakarta: Erlangga
- Samsuri, 1991. *Analisis Bahasa Memahami Bahasa Secara Ilmiah*. Jakarta: Erlangga
- Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu. 2001. *Paramasatra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta: Yayasan Pramalingua
- Setyawan, Deni Eko. 2012. *Tindak Tutur Ngongkon*. (Skripsi tidak diterbitkan). Surabaya: Jurusan PBD-FBS-Unesa
- Subagya, Rahmad. 2009. *Titi Ukara Basa Jawa*. Surabaya: Unesa University Press.
- Sudaryanto. 1988. *Metode Linguistik Bagian Kedua Metode dan Aneka Tehnik Pengumpulan Data*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press
- Yule, George. 1996. *Pragmatik*. Yogyakarta : Pustaka Pelajar
- Wijonanto, Danang. 2014. *Tindak Tutur Atur Panuwun*. (Skripsi tidak diterbitkan). Surabaya: Jurusan PBD-FBS-Unesa